



Jeanne Leguerre

November 15, 1930 - August 27, 2020

ELÒJ POU MADAN CHRISTIAN JEANNE DORZIN ETIENNE LAGUERRE

Li difisil pou mete yon lavi katrevendizan sou yon fèy papye. Gen anpil bagay ki pase ant 1930 ak 2020 nan lavi Fanm Bondye sa a. Sa n ap di w la a se senpleman yon ti detay enpafè sou li.

Jeanne (Jàn), jan papa l te renmen rele l, te fèt nan vilaj Saint-Georges (Senjòy) nan Saint-Louis-du-Sud nan peyi Dayiti le 15 novanm 1930. Papa li se te Osias Étienne ki te moun Okap (Cap-Haitien) ki mouri deja ; manman se te Charicia Dorzin, moun Twazyèm Seksyon Senjòy ki mouri lontan. Li te grandi nan zòn nan. Li te aprann li ak ekri petèt rive nan Preparatwa De. Men entelijans li ak savwa li se te tankou yon moun ki te fini klas inivèsite. Nan laj venndezan, 1952, li marye yon bèl jenn gason Senjòy ki te rele Christian Laguerre (Frè Christian). Yo rete nan zòn lan e yo te rete marye pandan karannsetan. Li te sipòte tout travay mari li te fè, sitou nan lè legliz, leve lòt timoun, ede anpil jenn moun Senjòy devlope talan yo oubyen vwayaje nan lòt peyi pou yo kapab jwenn yon lavi ki te pi bon.

Jeanne te ede anpil medam yo pou yo te vin bon madanm pou mari yo. Li te pataje ak yo lide ki fè li menm ak Frè Christian te viv ansanm pandan si lontan. Li te fè onz (11) pitit ak Frè Christian : Vanel (Brooklyn, NY), Renel (mouri), Jowel (Fulshear, Texas), Sophonie (mouri), Esther (Salisbury, MD) ;

Eugene (Paris, France), France (Montréal, Canada), Ruth (Fulshear, Texas), Luc (Salisbury, Maryland), Christian, Jr. (Montréal), and Dierline (Paris, France). Ak gras BONDYE bay, epi efò Jeanne, yo tout leve byen ap itil tèt yo, sipòte manman yo jiskaske l antere. Se yon gwoup ki pititral anpil. Nou konte 36 pitit pitit ak aryè pitit pitit. Se te yon jwa pou Jeanne te konnen yo tout de prè ou de lwen pou li te anbrase yo kòm pitit li yo. Jeanne te gen bon bèlfi ak bofis tou. Yo tout te renmen li e li te renmen yo. You tout te respekte li e li te respekte yo ; menmsi se ansyèn bèlfi ouswa ansyen bofis yo ye.

Bèlfi ak bofis li yo se Rose-Marie, Camille, Linda, Marie-Claude, Tina, Francoeur, Maryse, Hermanie, Samuel, Lemaire, Bitole, Myrlande, Nanette, Pastè Lucnord. Pandan prèske kenzan se ak Myrlande ak Raymond (Luc) li te viv jiska lanmò l. Nou vle bay yon remèsiman especial pou Myrlande, bèlfi li te konnen pi byen an e ki te pran swen li plis la. Papa ak manman Myrlande te yon gwo sipò pou li pandan anpil ane. Pitit pitit li yo ki rete Salisbury te edel anpil ansanm ak nyès li Odette Torchon ak Legliz la epi anpil anpil moun Salisbury ki se moun Senjòy. Nou kwè lanmou moun Salisbury yo konbine ansanm e fè li viv omwen dizan anplis. Nan non li nou di yo mèsi. Pitit fi li Esther te pran swen li chak jou. Nou di Tètè yon gwo remèsiman.

Pitit Jeanne yo remèsye tout staf nan Lopital Peninsula Regional Medical Center. Yo te pran bon swen manman nou. Yo te asire li viv byen e mouri ak anpil diyite tankou prensès li ye nan kè nou a. Mèsi Doktè yo, mèsi enfimyè yo, mèsi oksilyè yo, mèsi moun ki fè netwayaj yo, mèsi administrasyon lopital la. Nou vle di mèsi pou staf nan Bennie Smith Mezon Fineray la. Mèsi pou koutwazi nou bay fanmi nou pou dènye onè manman nou jwenn lan te bèl.

Pou moun Saint-Georges (Senjòy), nou regrèt Rèn nou an pa te kab retounen vin antere nan tè li akòz pwoblèm ki genyen tout kote. Nou konnen jan nou te pare pou onore li. Sa t ap fè pitit li yo byen e nou menm byen tou. Mèsi pou respè nou te toujou moutre Madan Christian. Li te renmen nou anpil. Li pase

reskonsablite sa pou pitit li yo kounyea. Pou moun Legliz Pannkotis, pa gen moun ki te pi fidèl pou legliz la pase Madan Christian. Li menm ak tout lòt Dam legliz la yo nan ane 1960 yo te bati legliz la ak materyo yo te charye sou tèt yo. Nanm li rete nan legliz la menm kan nou pa wè l.

Fanmi a remèsye tout moun ki fè gwo efò pou yo nan fineray ak antèman manman nou, poutèt li menm oubyen poutèt moun nan fanmi a.

Vanel – Jowel – Esther – Eugène – France – Ruth – Luc – Christian, Jr. -
Dierline